# QARAQALPAQ KESTESHILIK ÓNERINDE AQ JEGDE NAǴISLARINIŃ ORNI

**Qarajanova Ziyada,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi etnografiya bólim baslıǵı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19606490

***Annotaciya.*** *Bul maqalada qaraqalpaq xalqınıń dástúriy kiyim-kenshek mádeniyatında áhmiyetli orın tutqan aq jegde hám onıń naǵısları etnografiyalıq hám semantikalıq jaqtan tallanadı. Aq jegdeniń tariyxıy kelip shıǵıwı, máresimlik kiyim sıpatındaǵı áhmiyeti, hayaldıń jasına qaray naǵıs kompoziciyası hám reńlerindegi ózgerisler sáwlelendirilip beriledi. Maqalada keń tarqalǵan “kerege kóz”, “ǵarǵa tuyaq”, “ayıl naǵıs” sıyaqlı bezew túrleri, olardıń dúzilisi hám jaylasıw tártibi tolıq táriyiplenedi. Sonday-aq, segiz múyizli hám on eki múyizli figuralar, romb hám basqa da geometriyalıq hám ósimlik tárizli motivlerdiń simvolikalıq mánisleri ashıp beriledi. Juwmaq sıpatında, aq jegde naǵısları qaraqalpaq xalqınıń materiallıq hám ruwxıy mádeniyatın úyreniwde áhmiyetli etnografiyalıq derek ekenligi atap ótiledi.*

***Tayanısh sózler:*** *aq jegde, qaraqalpaq milliy kiyimi, naǵıs óneri, “kerege kóz”, “ǵarǵa tuyaq”, ayıl naǵıs, geometriyalıq motivler, ósimlik tárizli naǵıslar, etnografiyalıq derek, materiallıq hám ruwxıy mádeniyat.*

***Abstract.*** *This article provides an ethnographic and semantic analysis of the white jegde and its patterns, which held an important place in the traditional clothing culture of the Karakalpak people. The historical origin of white jegda, its significance as a ceremonial garment, and the changes in pattern composition and color depending on the woman's age are highlighted. The article describes in detail the most common types of jewelry such as “kerege kóz”, “ǵarǵa tuyaq”, “ayıl naǵıs” their structure and placement. In conclusion, it is noted that the white jegde pattern is an important ethnographic source in the study of the material and spiritual culture of the Karakalpak people.*

***Keywords:*** *ak jegde, Karakalpak national clothes, ornamental art, kerege kóz, ǵarǵa tuyaq, ayıl naǵıs, geometric motifs, floral patterns, ethnographic source, material and spiritual culture.*

Qaraqalpaq aq jegdesiniń naǵısları Qaraqalpaq xalqınıń dástúriy kiyim-kenshek mádeniyatında áhmiyetli orın iyelep, ol xalıqtıń tariyxıy rawajlanıwı, dúnyaqarası hám simvolikalıq oy-pikiri menen tıǵız baylanıslı. Aq jegde tiykarınan máresimlik kiyim sıpatında paydalanılǵan bolıp, ondaǵı naǵıslar tek ǵana bezek wazıypasın atqarıp qoymastan, belgili bir mánis hám simvolikalıq mazmunǵa iye bolǵan.

Aq jegde basqa jamılatuǵın kelte hám tar etip islengen, jeńleri hesh waqıtta kiyilmeytuǵın hayallardıń mereke kiyimi. [1, b.85-86]. Ol paxta gezlemeden aq bózden tigilip, jaǵası hám barlıq sırtı iri, siyrek etip kestelenedi. Aq jegde hayaldıń jasına qaray kestelengen. Jas mingen sayın hayaldıń jegdesindegi naǵıslar da ápiwayılasıp, siyreklesip barǵan. Ayırım maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, 40 hám 50 jastaǵı hayallar tıǵız ham tolıǵı menen kestelengen jegde jamılǵan. 50 hám 60 jastaǵılar dizege shekem naǵıslanǵan, 60 – 70 jas aralıǵındaǵı hayallar hár jeri,

yaǵnıy siyrek kestelengen jegdeni jamılǵan. Al 80 jastan joqarı, yaǵnıy júdá mápilik mama kempirlerdiń jegdesine naǵıs salınbay, tek ǵana jiyek tigiletuǵın bolǵan. Alımlardıń pikirinshe, aq jegde qaraqalpaq hayallarınıń eń eski milliy kiyimi bolıp tabıladı. [2, b.14].

Hárbir kiyim yamasa kestelengen zat óziniń pishiliwine, formasına qaray naǵıstıń ornalasıwın talap etedi. Qaraqalpaq keste tigiw óneriniń jáne bir ózgesheligi hár bir kiyimniń onı kiyetuǵın adamnıń jasına baylanıslı ózgeshe túste hám naǵıslar kompoziciyası boladı.

Jası úlkeygen hayallar kiyetuǵın aq jegdelerde kiyimniń sırtın tolıq qaplap turatuǵın iri siyrek naǵıslar bar. Olar geyde geometriyalıq figuralardan tursa (romblar torı), geyde shaqalı ósimlikke yamasa shashbawǵa uqsaydı. Iri tor menen naǵıslanǵan aq jegdelerdiń eteginde úsh - tórt ayaqlı úshmúyeshlikke qadalǵan, shaqalı aǵashqa yamasa qolın sermep turǵan adamǵa uqsas figuralar boladı. Bunday kompoziciyaǵa teńiz boyındaǵı ósimlikler yamasa teńizge aw salıp atırǵan adamlarǵa uqsas dep jazılǵan bazı bir ádebiyatlarda. [3, b.19].

Aq jegdeniń eń kóp tarqalǵan naǵıs “kerege kóz”. Onıń sızıǵın boylap eki reńli sabaq penen (qızıl, sarı) mayda “qos múyizden” turatuǵın atanaqlar boladı. Geybir aq jegdelerde “kerege kózdiń” ishinde iri bir naǵıs (atanaqtıń bir túri) ornatıladı. Jánede basqa aq jagdede kók kóylektegi sıyaqlı teksheli “bawırsaqgúl” (ayıl naǵıs) dizbeginen turatuǵın bir neshe qıya jollardan islengen naǵıslar boladı.

Sóytip aq jegdelerde negizinen úsh túrli naǵıs qurılısı boladı.

1) “Kerege kóz” naǵısı, bul eń kóp tarqalǵan túri.

2) Negizi ósimlikke usaǵan “ǵarǵa tuyaq” tan turatuǵın iri úsh naǵıs aq jegdeni tolıq jawıp turadı (arqasın, eki óńirin)

3) Kók kóylekte bolatuǵın teksheli “ayıl naǵıs) lar dizbegi basqa naǵısları menen aralasqan túrde hár jerde bir ton dúzedi. Olar uzın shashaqlı, silsineli zergershilik zatına uqsas.

Aq jegdege kók kóylek sıyaqlı hesh qanday bezeniw zatı taǵılmaydı. Onıń jaǵası óz aldına bólek kestelenedi. Oǵan ózgeshe naǵıs qurıw usılı, reńi bar, biraq ol aq jegde menen reńles. Ol aq bózden qızıl, sarı, jasıl, qoyıw-qońır sabaqlar menen kestelenedi. Iri (enli) bir jol naǵıstıń eki jiyegi ensiz qosımsha mayda bir jol naǵıs penen qoyıwlanadı. Baslı naǵıslar “qos múyizli ayıl naǵıs”, onıń ishinde jaylasqan atanaq, úshmúyeshlikten dúzilgen qızıl, sarı, jasıl jollar taǵı basqala. Qızıl reńi menen ortasınan ekige bólingen tórt qırlı naǵıs qaraǵan waqıtta reńlerdiń baylanısına qarap hár túrli naǵıs bolıp oqıladı. [4, b.45-46].

Aq jegdelerge túsirilgen nağıslardıń da hár túrli mánisleri bolǵan. Olardı izertlegen insanlar túrlishe pikirlerdi bildirgen. Aq jegdelerdiń arqasındağı qıysıq kvadrat setkalardı toltırıwda qollanılğan nağıslar bular segiz múyiz hám on eki múyiz nağıslar esaplanadı. Segiz múyiz, on eki múyiz - bul nağıslar 8 hám 12 bir - biri menen birikken shaq túrindegi elementlerdiń quramalı qosındısınan ibarat tórtmúyeshlik sıpatındağı eski simbollardan sanaladı hám kóplegen xalıqlarda ushırasadı. A. Allamuratovtıń pikirinshe bul jayılıp júrgen úy haywanlarınıń sxemalasqan kórinisi bolıp esaplanadı. On eki iymekli kóp basqıshlı romblar, L. Kerimovtıń mağlıwmatına qaraǵanda, tamǵa bolıp, 12 iymek - 12 jıldı bildiredi. Áyemgi túrk xalıqlarınıń kalendarlarında jıl esabı tek kún hám ay emes, al 12 jıl boyınsha esaplanǵanı málim. Bunda hár bir jıl qandayda bir haywan belgisi astında ótedi. [5, b.17].

Aq jegde de quslarǵa qatnaslı simbollarda ushırasadı. Quslarǵa qatnaslı simbollarda qorǵaw qásiyetine iye, sonıń menen birge ónimdarlıq belgisi sanalıp, hár túrli jaqsı tileklerdiń tımsalı, jaqsılıqlar baslaması bolǵan - dep túsinilgen. Sol qatarı ǵarǵa tırnaq mativi de qorǵawshı qásiyetke iye bolǵan. Aq jegde aldınan keń vertikal nağıs ǵaz moyın nağısı shırıs tigis penen tigilgen.

Aq jegdeniń jeńlerinde hám kókirek awzında shaqa tárizli siyrek ushırasatuğın motivler gorizontal jayǵasqan sozıńqı tórtmúyeshliktiń joqarısınan hám tómeninen ósip shıqqan sıyaqlı. Bunı qol yamasa jap jağasındağı tereklerdiń kórinisi dewge boladı.Nağıs kompoziciyasında geometriyalıq elementler jetekshi orındı iyeleydi. Atap aytqanda, romb tárizli, tórtmúyeshlik hám sınıq sızıqlı figuralar keń qollanilǵan. Romb forması áyyemgi túrkiy xalıqlar qıyalında ónimdarlıq, turmıslıq hám turaqlılıq tımsalı sıpatında talqılanadı. Tákirarlanıwshı geometriyalıq nağıslar bolsa áwladlar úzliksizligi hám waqıttıń úzliksizligin ańlatqan. Bunnan basqa, aq jegde nağıslarında ósimlik tárizli motivler de ushırasadı. Shaqa, japıraq hám stilizaciyalanǵan "ómir teregi" kórinisleri tábiyat penen únleslik, ósiw hám bereket ideyaların sáwlelendiredi. Bul motivler xalıqtıń tábiyatqa bolǵan húrmetin hám ekologiyalıq oy-pikirin kórsetedi.

Nağıslardıń ayırım túrleri apotrop, yaǵnıy qorǵaw wazıypasın atqarıwshı belgiler sıpatında paydalanılǵan. Bunday bezewler iyesin jaman kúshler, kesellik hám bále-máterlerden saqlawǵa qaratılǵan dep tán alınǵan. [5, b.15-19]

Aq reń bolsa qaraqalpaq xalqınıń dástúriy túsiniginde páklik, hadallıq hám muqáddeslik tımsalı bolıp, aq jegdeniń máresimlik áhmiyetin jáne de kúsheytken. Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyinde bunday aq jegdelerdiń birneshe úlgileri saqlanbaqta. Olar bir-birinen nağısları, tigiliwi menen

ózgesheleinip turadı. Solardıń ishinde biybaha eksponat bolıp esaplanǵan aq jegde de bar. Ol aq jegdege birneshe naǵıslar salınǵan bolıp, házirgi dáwirge shekem óz sulıwlıǵın joytpay saqlanıp kelinbekte. Bunday Qaraqalpaq milletiniń ózgesheligin bildiretuǵın kiyim-kenshekler haqqında ósip kiyatırǵan jas áwladlarımız keńirek túsinikke iye bolsa, ol ózgeshelikleri menen maqtanısh etse arzıydı. Sebebi, bul kiyimler házirgi waqıtta tek muzeylerde ǵana saqlanıp, ótmishimizden derek beriwshi buyımlardan bolıp esaplanadı. Muzeyde saqlanıp atırǵan jegdeler XIX-XX ásirlerge tiyisli bolıp, házirde shet el kórgizbelerine de shıǵarılmaqta.

Juwmaqlap aytqanda qaraqalpaq naǵıs óneri ózine tán ózgeshelikke iye bolıw menen birge, ásirler dawamında qáliplesip, insan ushın áhmiyetli turmıs shınlıqların, geyde magiyalıq kóz-qaraslarǵa tiykarlanǵan real haqıyqatlıqtı sáwlelendiriwshi kommunikativlik funkciyanı atqaradı. Sonlıqtan, bizler xalıq dástúriy mádeniyatı ádep-ikramlılıq, estetika, xalıq dástúrleri tiykarında tárbiyalaw tájriybesin, xalıq ónermentshiligin, xalıq dóretiwshiligin rawajlandırıw boyınsha bay materiallar kórip shıǵıldı. Biz joqarıda qaraqalpaq milliy kiyimi aq jegdedegi naǵıslaw óneri boyınsha jazǵan maǵlıwmatlardı kórip shıqtıq. Yaǵnıy, kesteshilikte qollanılǵan naǵıslar túrlerine toqtap óttik. Bunda naǵıslardıń qollanılıw tártibi, túrlerge bóliniwi hám ayırım naǵıslardıń semantikasına sıpatlama berildi.

Ulıwma alǵanda, naǵısları Qaraqalpaq xalqınıń materiallıq hám ruwxıy mádeniyatın úyreniwde áhmietli etnografiyalıq derek bolıp tabıladı.

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**

1. Jdanko T.A., Kamalov S. Etnografiya karakalpakov. – Tashkent. Fan, 1980. 85-86 betler.
2. Qarlibaev M.A., Qurbanova Z.I.,“Qaraqalpaq kostyum” Nókis – 2014.
3. 14-bet.
4. A.Allamuratov. Qaraqalpaqstan iskusstvasınıń tariyxınan. “Qaraqalpaqstan” baspası. Nókis-1968. 19-bet.
5. A.Allamuratov. Máńgi miyras. Nókis. “Bilim” baspası, 1993. 45-46 betler.
6. Urazimova T.V, Qurbanova Z, Urazbaeva S.K, “Qaraqalpaq naǵıslaw óneri” Nókis – 2019. 16-19 betler.